


# Kisa pou w fè pou Chanjman nan Po

Chanjman nan po fè pati de repons nòmal kò w ak tretman. Chanjman sa yo ka afekte po a nan nenpòt kote sou kò w, ki gen enkli po tèt ou tou. Pifò iritasyon ak chanjman nan po devlope kèk semèn apre tretman an, men yo ka rive nenpòt ki lè.



## Kisa ki lakòz chanjman nan po kay moun ki gen kansè?

Anpil bagay ka lakòz chanjman nan po kay moun ki gen kansè. Sa enkli:

- Pifò tip tretman kansè, ki gen ladan chimyoterapi, terapi medikaman sible, iminoterapi, ak terapi radyasyon
- Medikaman tankou sa ki pou doulè oswa kè plen ak vomisman
- Kèk tip kansè, tankou lesemi, lenfom, ak kansè nan tete
- Lòt pwoblèm sante tankou psoriasis



## Kisa chanjman komen nan po sa yo ye?

**Iritasyon po** se yon efè segondè komen nan kèk tretman kansè. Risk pou gen yon iritasyon po ak ki nivo li grav depann de tip kansè a ak tretman li yo. Iritasyon po ka parèt sou po tèt, figi, kou, pwatrin, patin anwo do, ak lòt pati nan kò a. Yo ka grate, boule, pike, oswa fè mal.

**Po sèk** se yon lòt efè segondè nan kèk tretman. Po a ka vin trè sèk, fè kal, graj, wouj, epi pafwa fè mal. Li ka menm fann. Sa ka rive poukont li oswa avèk yon iritasyon po. Po sèk ka lakòz gratèl.

**Gratèl** ka koze pa kèk kansè, tretman kansè, medikaman, po sèk, iritasyon po, oswa enfeksyon. Grate po w anpil ka lakòz po a senyen oswa enfekte, espesyalman si po a fann.

**Sendwòm men-pye (HFS)** ka koze pa kèk medikaman ke yo itilize pou tretman kansè. Doulè, sansiblite, pikotman, ak angoudisman se sentòm prekòs HFS. Lè sa a, wouj ak anflamasyon an kòmanse nan pla men yo ak pla pye yo. Wouj s sanble anpil ak yon kout soulèy e ka lakòz anpoul. Nan move ka, ti anpoul yo ka pete epi vin tounen blesi. Po a kapab tou vin sèk, dekale, epi fann.

**Chanjman koulè po** ka rive kòm yon efè segondè nan kèk tretman kansè, devlopman timè, oswa ekspozisyon solèy. Kèk chanjman koulè ka vin pi bon avèk le tan. Lòt chanjman koulè ka dire pi lontan.



## Kijan yo trete chanjman po?

Se pa tout chanjman po ki bezwen tretman. Men, si ou gen sentòm ki grav oswa ki pa disparèt, ou ka jwenn:

- Terapi pou aplike sou po a, tankou idratan oswa krèm esteroyid
- Estewoyid oral pou ede kalme reyaksyon iminitè a
- Iminoterapi pou iritasyon po trè grav ki pa reponn a lòt tretman
- Antibiyotik pou pwoblèm po ki grav anpil oswa yon enfeksyon
- Lòt terapi, tankou anti-istaminik, medikaman pou doulè, oswa rad fre



## Kisa w ka fè pou ede w jere chanjman nan po?

**Sa pou w Fè:**

- Bwè omwen 8 vè likid chak jou, si ekip swen kansè w di li OK.
- Sèvi ak savon modere, savon likid, chanpou, losyon, ak krèm ki pa gen alkòl, pafen, oswa koloran. Mande ki pwodwi oswa mak ou ta dwe itilize.
- Benyen ak dlo tyèd oswa fre, pa dlo cho. Pa fè anpil tan ap benyen, epi seche kò w pandan w ap tapote sèvyèt la sou ou olye pou w ap fwote l sou ou.
- Idrate po w pandan lajounen an. Pi bon moman an se apre ou fin benyen, pandan po w toujou imid.
- Raze mwens souvan, oswa sispann raze si po w irite. Sèvi ak yon razwa elektrik pou evite koupe po w.

- Limite tan w nan solèy la. Si w ale deyò, sèvi ak pomad lèw ak krèm pwoteksyon kont solèy ki gen yon SPF 30 oswa pi wo. Mete rad ki gen manch long, ak yon chapo, tou.



## Kisa w ka fè pou ede w amelyore chanjman nan po?

### Sa pou w Fè:

- Eseye semèl an jèl si pla pye w sansib.
- Sèvi ak mak makijaj ki ka kouvri iritasyon po yo san ke li pa fè yo vin pi mal. Mande ki pwodwi oswa mak ou ta dwe itilize.
- Mete rad ki dou epi lach. Yo souvan meyè pase rad ki byen sere.
- Pran medikaman ekip swen kansè an ba ou, epi pran yo jan yo endike w.

### Sa pou w pa Fè:

- Sèvi ak detèjan lesiv ki gen odè fò.
- Trete po w ak medikaman san preskripsyon anvan ou pale ak ekip swen kansè w.
- Pase tan deyò nan tan trè cho oswa trè frèt.



## Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

Di ekip swen kansè w si w gen:

- Nouvo oswa iritasyon po ki vin pi mal, chanjman nan po, oswa blesi
- Yon iritasyon pi ki pa disparèt oswa ki anpeche w dòmi pou plis pase 2 jou
- Zòn po ki graj, ki wouj klere, oswa ki fè mal
- Po ki fann, ki ap senyen, oswa ki gen anpoul
- Ematom ki pa disparèt sou yon semèn

- Po oswa je ki vin jòn
- Pwoblèm po ak drenaj, pij, oswa lòt likid ki santi move

Fè ekip swen kansè w konnen ki sa ki fè chanjman yo amelyore oswa vin pi mal. Chanjman nan po yo ta dwe trete osito ke posib. Si yo pa trete, yo ka vin pi mal e gen kèk ki ka mennen nan enfeksyon.



## Lè pou rele 911 oswa ale nan Ijans

**Rele 911 oswa ale nan ijans (ER) imedyatman si ou gen siy oswa sentòm**

### yon reyaksyon alèjik, tankou:

- Anfleman ozalantou figi w, gòj ou, oswa bouch ou
- Souf kout (po pal oswa lèw/bouch ble)
- Tous oswa repsirasyon kap bay son sifleman
- Respirasyon rapid, souf kout
- Batman kè rapid oswa iregilye
- Doulè nan pwatrin oswa malèz
- Transpirasyon, oswa po frèt ak imid
- Eripsyon sou po, bouton, oswa po grate

### Oswa si ou gen chanjman nan po ansanm ak nenpòt siy enfeksyon, tankou:

- Lafyèw oswa frison
- Souf kout
- Batman kè rapid oswa iregilye
- Tansyon ba
- Nouvo oswa konfizyon ki vin pi mal
- Pa pipi oswa sèlman pipi yon ti kras kantite ki koulè zoranj fonsè oswa mawon



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan [cancer.org/haitiancreole](https://cancer.org/haitiancreole) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.  
Nou la lè w bezwen nou.



[cancer.org](https://cancer.org) | 1.800.227.2345

©2026, American Cancer Society, Inc.  
No. HAI214305 Rev. 4/26

